

VAKSINASYON POU TOUT MOUN

- + **Vaksen Kont Grip**
- + **Dòz Pfizer Pedyatrik**
 - Premye ak Dezyèm Dòz
 - Yon Tyè nan Dòz pa Granmoun yo

Disponib nan nenpòt nan lopiyal nou yo

Avèk COVID-19 epi sezon grip la ki rive ansanm lan, li pi enpòtan jounen jodia pou w pwoteje tèt ou ak pitit ou pou nou pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 ak grip la san danje epi yo efikas pou redwi risk pou w malad, etène (ospitalizasyon) ak menm mouri.

Pitit ou a ka pran vaksen kont COVID-19 la ak vaksen kon grip la an menm tan, gratis.

Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou. Eskane Kòd QR la oswa rele **1-844-NYC-4NYC** (1-844-692-4692).

Aprann plis sou
vaksen COVID-19
yo



Aprann plis sou
vaksen kont
grip la



Kiyès Ki Dwe Pran vaksin pou Grip ak COVID-19?

Vaksin kont Grip (Influenza)

Tout moun ki gen sis mwa oswa pi plis dwe pran vaksin kont grip sezonye a chak ane, espesyalman:

- + Timoun ki gen mwens pase 2 lane
- + Moun ki gen plis pase 65 lane
- + Moun ki ansent oswa ki fenk sot akouche
- + Moun ki gen maladi tankou dyabèt (sik), opresyon, maladi kè oswa VIH
- + Travayè esansyèl yo ki gen ladan l travayè nan domèn sante ak moun k ap bay lòt moun swen ki gen gwo risk pou yo tonbe malab. Moun k ap okipe timoun espesyalman timoun ki gen mwens pase sis mwa, dwe pran vaksin kont grip la tou.

Vaksin Kont COVID-19

Pifò moun yo elijib kounya pou pran vaksin kont COVID-19:

- + Moun ki gen ant 5 a 11 zan ka pran de dòz pedyatrik (yon tyè konsantrasyon an) Pfizer-BioNTech
- + Moun ki gen 12 lane ak plis ka pran de dòz vaksin Pfizer-BioNTech la.
- + Moun ki gen 18 lane ak plis ka pran de dòz Moderna yo oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen

3èm dòz vaksin Pfizer-BioNTech la oswa Moderna a Kont COVID-19

Twazyèm dòz la disponib pou moun ki pran dezyèm dòz vaksin kont COVID-19 la pou pi piti 28 jou avan sa epi ki gen yon sistèm iminitè ki fèb akòz yon tretman oswa yon maladi. Sa ka gen ladan l:

- + Trètman Aktif Kont Kansè
- + Grèf ògan ak medikaman ki redui fòs sistèm iminitè a
- + Grèf selil souch pandan 2 dènye ane yo
- + Defisi iminitè primè oswa grav
- + VIH avanse oswa ki pa trete
- + Trètman aktif ak yon dòz kòtikostewoyid byen wo ak lòt medikaman ki afebli sistèm iminitè a yon fason modere oswa grav.

Ou dwe gen 12 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz vaksin Pfizer a epi 18 lane oswa plis pou w pran 3èm dòz Moderna a. Twazyèm dòz la pa rekòmande pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt oswa maladi kè oswa maladi nan poumoun.

Dòz Rapèl kont COVID-19 - Pou Moun ki te Resevwa Vaksin Pfizer ak Moderna

Tout moun ki gen 16 lane oswa plis sipoze resevwa yon piki rapèl pou pi piti 6 mwa apre yo te resevwa dezyèm dòz premye seri vaksin kont COVID-19 la.

Moun ki te resevwa de piki vaksin Pfizer oswa Moderna sipoze eseye resevwa menm vaksin an nan rapèl yo, men yo genyen chwa pou yo chwazi nan nenpòt nan twa tip vaksin ki otorize Etazini yo.

Moun ki gen 16 lane 17 lane ki te pran premye seri vaksin Pfizer a plis pase sis mwa deja, yo elijib pou vaksin rapèl Pfizer a sèlman. Moun ki gen 5 lane 15 lane aktyèlman pa elijib pou piki rapèl yo.

Dòz Rapèl kont COVID-19 - Pou Moun ki te Resevwa Vaksin Johnson & Johnson lan

Tout moun ki gen 18 lane oswa plis sipoze resevwa yon piki rapèl pou pi piti 2 mwa apre yo te resevwa sèl grenn dòz vaksin kont COVID-19 la. Piki rapèl la kapab nenpòt nan 3 tip vaksin ki otorize Etazini yo. Si w pa konnen ki tip vaksin ou sipoze pran, pale ak founisè swen sante w la oswa estaf klinik ki nan sit kote y ap bay vaksin yo.

Lopital ki nan gwoup NYC Health + Hospitals ofri vaksin Pfizer ak J&J. Sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health yo ofri vaksin Moderna. Pou yon lis konplè de tout etablisman nou yo, vizite sit entènèt nou an: nychealthandhospitals.org.